



**boston planning &
development agency**

Yon gid pou PLAN: Planifikasyon Transpòtasyon Mattapan ak Pwosis Revizyon Devlopman



2021

Entwodiksyon

Poukisa Gid sa a?

Mattapan gen plis pwojè transpòtasyon ak pwopozisyon devlopman pase toutan nan resan istwa. Gid sa ap chèche pou ede rezidan Mattapan yo pi byen navige ak patisipe nan inisyativ sa yo.


Nan gid sa a, ou pral aprann apwòch vil Boston pou:

Planifikasyon Transpòtasyon, enkli rezon ki fè planifikasyon an ap dewoule kounye a ak kijan vil yo ap priyore enfliyans pwosesis la.

Konsepsyon lari, enkli pwoblèm kache wap eksperimente ak solisyon pou fikse yo.

Revizyon Devlopman, enkli kijan ou kapab patisipe.

Èske ou konnen ke PLAN: Mattapan ap ede gide pwochen pwojè transpòtasyon yo ak pwopozisyon devlopman yo? Avèk èd kominote a, PLAN: Mattapan ap pwodui yon plan katye avèk rekòmandasyon spesifik yo. Prete PLAN wva ou: Mattapan se yon gwo fason pou ede fòme tout kalite pwochen pwojè yo nan Mattapan, enkli inisyativ transpòtasyon. Toujou gen anpil tan pou patisipe epi fè yo tande wva w. Pou aprann plis vizite: bit.ly/PlanMattapan




Planifikasyon Transpòtasyon


Kisa Planifikasyon Transpòtasyon an ye?

Planifikasyon transpòtasyon rekòmande chajman nan ri yo, entèseksyon, ak transpò ki baze sou priyorite kominote a, yon apèsi sou kondisyon jodia, ak yon estimasyon sou bezwen demen.

Jeneralman, planifikasyon an kreye yon vizyon pou lavni ak dekri etap yo pou reyalize vizyon an.



Men yon egzanp sou kijan sa ta sanble nan yon plan transpòtasyon.



Poukisa tout atansyon sa sou Mattapan?


Boston ap reponn nan fason pwo-aktiv pou adrese bezwen transpòtasyon nan katye ki istorikman defavorize yo, tankou Mattapan. Sa a se yon chanjman delibere pou pi byen mache resous piblik yo nan pi gran bezwen.

Nouvo pwosesis planifikasyon transpò ki baze sou ekite Boston pi reyaktif nan tout fason moun ap vwayaje.

Ekite se yon prensip direktè nan [Go Boston 2030](#), plan daksyon transpòtasyon Vil Boston. Plan sa a idantifye lide pwojè, tankou repanse [Otowout Cummins](#) ak [Blue Hill Avenue](#). Li te mete ajou tou kijan pwojè yo chwazi. Pwojè yo ki reponn a objektif ekite pwogrese pi rapidman pou konsepsyon ak konstriksyon.

Poukisa yo konsantre sou ekite? Yon apwòch ki baze sou ekite ap ede konfwonte erè nan tan pase epi evite yo ale delavan.

Istorikman, planifikasyon ak konsepsyon ki akse sou otomobil 20yèm syèk te pèpetye ak elaji inegalite yo ant kominote blan, nwa ak koulè yo. Kèk nan ri Mattapan yo, tankou Blue Hill Avenue, te transfòmè pandan peryòd sa pou rann li pi fasil pou chofè yo rive nan lòt destinasyon yo. Sa akable Mattapan jodia avèk plis vitès, to aksidan ki pi elve, ak plis polisyon. Chak pwen sou kat la se nan omwen youn nan 1,384 aksidan a blezi pwobab ki fèt nan Mattapan ant 2015 ak 2019. Gwo sèk yo sou kat la se zòn ki siseptib pou aksidan, oswa lokasyon kote anpil aksidan te rive.



Kisa Priyorite Planifikasyon ye jodia?

Go Boston 2030 defini priyorite yo pou sistèm transpòtasyon vil la, sa ki di planifikatè ak konseptè yo ki kote ak kijan pou santre atansyon.

Ki priyorite ki pi enpòtan?

Prensipal priyorite Boston nan matyè transpòtasyon se pou elaji aksè nan opsyon transpòtasyon, amelyore sekirite, ak asire fyabilite. Chak priyorite gen yon objektif prensipal:

Aksè

Katye Boston yo pral entè-konekte pou mache, monte bisiklèt, pran transpò piblik, oswa kondwi

Sekirite

Boston ap redwi konsiderableman kolizyon sou chak ri lè yo priyorize deplasman moun yo ansekirite pase pi rapidman

Fyabilite

Boston ap bay priyorite pou fè wwayaj vin previzib sou rezo transpò ak ri lavil la

Èske gen lòt priyorite?

Go Boston 2030 defini lòt priyorite ki fè wwayaj vin pi ekitab, favorize opòtinite ekonomik, ak reponn nan chanjman klima. Egzanp objektif yo gen ladan:

Anviwonman

Boston pral redwi emisyon gaz efè tèmik ak ranfòse rezistans li pou evènman ak move tan

Sante

Boston pral ankouraje modvi aktif ak ansante lè ou konekte ak bay aksè nan koridò vè yo

Kominote

Boston pral devlope espas piblik sou lari ak estasyon transpò yo ki akeyan, pwòp ak enteresan

Ki priyorite yo pou Mattapan?

Planifikatè yo travay pou rezoud pwoblèm koni sa yo: kèk rezidan nan Mattapan gen aksè nan opsyon transpòtasyon, ri prensipal Mattapan yo eksperimante anpil aksidan, epi tout wout otobis Mattapan yo pa fyab.

PLAN: Mattapan itilize priyorite Go Boston 2030 tankou yon loup pou dekouvri opòtinite pou amelyore vwayaj nan Mattapan.

Pa egzanp, lè wap gade nan lantiy aksè transpòtasyon, sekirite, ak fyabilite, ou ka pi byen konprann pwoblèm spesifik nan Mattapan:


- » Nan Mattapan, **sèlman 18 pousan nan rezidan** yo nan yon distans mache 10-minit de estasyon tren oswa arè otobis, pataj bisiklèt, ak veyikil pataje. Pifò kay yo ki pa gen veyikil se nan sid liy Fairmount ak toupre Wellington Hill.
- » Nan Mattapan, **preske tout vwayaj pa transpò yo se vwayaj pa otobis**, men pa gen wout otobis kap desèvi Mattapan pa reponn avèk objektif fyabilite MBTA la semèn oswa wikenn.
- » Nan Mattapan, Blue Hill Avenue, Cummins Highway, Harvard Street, ak Morton Street gen kèk nan **to aksidan ki pi elve nan Boston**. Senk sou nèf aksidan mòtalite nan Mattapan se ant 2015 ak 2019 enplike yon moun kap mache.



Èske ou konnen ke aksidan mòtèl pa repati egalman?

Nasyonanman, moun nwa yo gen plis chans pou mouri kòm pyeton nan aksidan olye de moun blan oswa Ameriken-Azyatik. Sa te kapab akòz moun nwa yo abite plis nan zòn iben yo, men etid yo te revele se akòz prejije rasyal pami chofè yo.

Èske ou te konnen ke, konpare avèk rès Boston, rezidan Mattapan yo gen mwens opsyon vwayaj, gen trajè ki pi long, epi yo pi siseptib pou soufri opresyon?



Sous: Go Boston 2030, US CDC 500 VII* 2017

Konsepsyon Lari

Kijan yo Desine Lari yo?

Apwòch Boston nan konsepsyon lari a santre sou moun, keseswa yo mache, monte bisiklèt, pran transpò piblik, oswa kondwi. Konseptè yo itilize zouti ki pwouve pou adrese bezwen transpòtasyon spesifik ki te idantifye pandan planifikasyon an.

Boston itilize yon apwòch “Ri Konplè”.

Ri Konplè se yon apwòch konsepsyon ki konsidere mache, monte bisiklèt, ak transpò an komen kòm opsyon ki osi enpòtan ke kondwi. Ri konplè konsidere tou anviwonman ki itilize ak kontèks, kidonk zouti konsepsyon an adapte nan anviwonman yo. Si ou vle aprann plis sou zouti spesifik konsepsyon ak rezon ki fè yo itilize yo, gade [Gid Konsepsyon Ri Konplè Boston yo](#).

Èske ou te konsidere ke diferan modèl pran diferan kantite espas nan lari a? Konparezon anba montre kantite espas ki nesèsè pou 50 moun monte nan yon otobis, monte bisiklèt, oswa kondwi veyikil. Senpleman, mete Boston streets pa ka adapte pou tout rezidan ak vizitè yo nan yon veyikil.

50 Moun nan 1 Otobis



50 Moun nan 50 Bisiklèt



50 Moun nan 50 Veyikil



Sous: Fon Pwomosyon Siklis grasa [Transpò Imen](#)

Konsepsyon Lari

A kimoun Nouvo Konsepyon Lari a adrese?

Pwojè Lari yo inisye pou amelyore kondisyon pou rezidan ki egziste deja yo. Tout moun nan Mattapan merite aksè nan opsyon vwayaj ki fyab ak ansekirite.

Yon ri ki pi byen reprezante kominote l lè li montre kijan manm yo nan kominote a vwayaje.


Se pa tout moun ki kondwi, kidonk entegre diferan mwayen, pèspektiv, ak eksperyans ou viv fè plan ak konsepsyon yo pi bon. Pwosesis konsepsyon an mande manm yo nan kominote a pou gen senpati anè manm parèy yo nan kominote. Pafwa, kreye yon konsepsyon ki fonksyone pou tout moun ka vle di chanje nan yon anvivonman kondwi yon ri kidonk aksè, sekirite, ak fyabilite tout opsyon vwayaj yo kapab pi byen balanse.

Kijan diferan pèspektiv ka afekte yon konsepsyon?

Boston konsidere diferan "itilizatè konsepsyon" lè wap rekòmande chanjman nan ri yo. Pa egzanp, kay Mattapan yo pi siseptib pou gen fanmi oswa adilt yo avèk andikap konpare avèk rès Boston. Pou itilizatè konsepsyon sa yo, pak ki pi ansekirite ak aksè lekòl oswa plis twotwa aksesib ak sèvis transpò kapab priorite ki pi elve.

Èske ou konnen ke mache ak amelyorasyon nan bisiklèt pou lari prensipal yo ka ogmante lavant?

Etid yo montre ke moun kap mache oswa monte bisiklèt nan ri prensipal yo vizite pi souvan epi depanse plis konpare avèk moun yo ki kondwi. Bay kondisyon ki pi ansekirite ak konfòtab pou tout mòdèl vwayaj yo ka stimile aktivite biznis.



Konsepsyon Lari

Kijan yo ka rann lari yo pi ansekirite?

Boston itilize anpil zouti konsepsyon pou amelyore sekirite ak konfò sou ri yo nan Vil la. Yo ede ranfòse vitès limit Vil la nan 25 mph.

Zouti konsepsyon ede kreye vitès ki pi ansekirite, viraj ansekirite, oswa pasaj ki pi ansekirite, jan ou wè anba.

Sèten zouti ap ede sible plis pase yonsèl rezilta sekirite. Paj ki annaprè yo eksplike kisa zouti sa yo ye ak ki kote yo kapab ale.

Poukisa nap fè chanjman yo? Ri a sanble ansekirite pou mwen!

Sekirite ak konfò ka vle di diferan bagay pou diferan moun. Travèse plizyè liy sikilasyon kapab akseptab pou yon moun ki gen kapasite nan trantèn (30) yo, men ansekirite ak enkonfòtab pou yon fanmi ki gen jèn timoun.

Kisa Zouti Konsepsyon an ye? <i>Gade paj 11–13 pou yon deskripsyon ak vizyèl pou chak zouti konsepsyon.</i>	Kijan Zouti Konsepsyon an Chanje Ri a? <i>Chak zouti konsepsyon koni pou bay rezilta nan youn oswa plis rezilta sekirite.</i>			Ki kote Zouti Konsepsyon an Ale? <i>Gade paj 10 pou w jwenn plis detay sou ri sa yo.</i>	
	Vitès ki pi ansekirite	Viraj ki pi ansekirite	Pasaj ki pi ansekirite	Ri Katye yo	Konektè Ri yo
Chicane	Yes			Yes	
Dodann Vitès	Yes			Yes	
Siy Enfòmasyon sou vitès	Yes			Yes	Yes
Won-pwen	Yes	Yes		Yes	Yes
Travèse Zile	Yes	Yes	Yes		Yes
Pasaj pou pyeton si-elve	Yes			Yes	
Kafou si-elve	Yes			Yes	
Dimansyon wout	Yes	Yes	Yes		Yes
Liy bisiklèt separe	Yes	Yes	Yes		Yes
Amelyorasyon Siyal	Yes	Yes	Yes		Yes
Liy santral andisi		Yes	Yes		Yes
Entèseksyon T-ing		Yes	Yes	Yes	Yes
Kwen viraj lant		Yes	Yes	Yes	Yes
Ekstansyon twotwa		Yes	Yes	Yes	Yes
Kwen degaje		Yes	Yes	Yes	Yes
Pano Arè		Yes	Yes	Yes	
Pano Siy Pyeton			Yes		Yes
Pasaj pyeton awot vizibilite			Yes	Yes	Yes
Siy avètisman pyeton			Yes	Yes	Yes
Baliz flash rapid			Yes		Yes

Konsepsyon Lari


Ki kote Zouti Konsepsyon an Ale?

Se pa tout zouti konsepsyon ki travay sou chak ri. “Lari Katye yo” ak “ri konektè yo” gen diferan wòl, e wòl sa yo ap ede idantifye kote sèten zouti konsepsyon apwopriye.

Lari katye yo prensipalman bay aksè nan kay yo, pandan ri konektè yo sitou fasilite wwayaj ant plas yo.

Lari katye yo gen tandans pou l etwat, aliye avèk kay yo, epi mwens trafik. Lari konektè yo gen tandans pou l pi laj, gen plis trafik, epi gen limyè trafik ak arè otobis. Chofè gwo veyikil yo, tankou otobis, kamyon, ak sekouris yo, konte sou ri konektè yo, olye de ri arebò katye yo, pou deplase ant katye ak vil yo. Prezans gwo veyikil vle di ke zouti tankou dodann vitès ak pasaj a nivo si-elve apwopriye sèlman sou ri arebò katye yo.


Èske ou konnen ke pifò ri yo nan Mattapan se ri nan katye yo? Men, pifò moun gen tandans pou wwayaje plis sou ri konektè yo, paske yo konekte nan lòt andwa epi gen wout otobis ak pifò liy bisiklèt. Nan Mattapan, obstak fizik tankou Rivyè Neponset ak Liy Fairmount ka rann li difisil oswa enposib pou fè yon wwayaj lè ou utilize ri arebò katye yo.



Konsepsyon Lari


Avèk kisa zouti konsepsyon sekirite a sèvi?

Chicane (ri katye a sèlman)




Yon chicane kreye yon koub “s” nan yon lari ki otreman dwat. Koub la ankouraje chofè yo pou ralanti vitès yo.

Ekstansyon Twotwa (nenpòt ri)



Yon ekstansyon twotwa elaji sou liy pakin lan. Sa a fè pasaj pyeton ki pi kout ak amelyore vizibilite pou moun travèse.

Kwen degaje/restriksyon pakin (nenpòt ri)




Chofè yo pi sèptib pou wè veyikil yo ap apwoche oswa moun yo ap travèse lari a. Sa a redwi pwobabilite aksidan nan entèseksyon yo.

Ranfòse liy santral (konèktè lari sèlman)




Yon ranje bòn te enstale sou liy santral jòn lan dekouraje chofè yo pou dekoupe viraj nan vitès ki pi elve.

Travèse Zile (konèktè lari sèlman)



Yon pasaj zile bay espas nan mitan yon pasaj pou pyeton poze pandan yap travèse ri plizyè liy yo.

Pasaj pou pyeton awot vizibilite (nenpòt ri)



Pasaj pou pyeton nan modèl “Echèl”, avèk gwo ba blanch avèk liy paralèl, ki se kalite makè pou pasaj a pyeton ki pi vizib. Pasaj pou pyeton awot vizibilite ap ede amelyore vizibilite ak sekirite pyeton yo. Yap ede tou pou klarifye kote pyeton yo ta dwe travèse lari a, kreye modèl previzib.

Konsepsyon Lari


Avèk kisa zouti konsepsyon sekirite a sèvi?

Siyalizasyon pyeton nan lari (konektè lari sèlman)



Yo mete siy sa yo nan lari a sou pasaj a pyeton. Yo fè chofè yo sonje pou yo sede pasaj a pyeton yo.

Entèseksyon sivele (ri katye sèlman)




Yon entèseksyon sivele nan menm nivo avèk twotwa. Yo ranfòse vitès ralanti ak ankouraje chofè yo pou sede pasaj bay pyeton yo.

Pano avètisman pou pyeton / limyè rapid kap flache (limyè pou konektè lari a sèlman)




Yon siy avètisman jòn ki atire atansyon chofè yo sou yon pasaj a pyeton kap vini. Ka gen ladan yon limyè flach ki piti, rektang, byen klere ki kapab aktive pa yon moun ki vle travèse lari a.

Dimansyon wout la (konektè lari sèlman)




Re-alokasyon reflechi espas nan ri nou yo kapab kalme sikilasyon, kreye pasaj ki pi ansekirite, ajoute liy bisiklèt, oswa plis.

Entèseksyon sivele (ri katye sèlman)



Yon twotwa sivele se apeprè sis pous wotè, menm wotè avèk twotwa. Yo ralanti chofè yo ak amelyore randeman pyeton yo nan pasaj pou pyeton yo.

Wonpwen (nenpòt ri)



Yon wonpwen gen yon ilo santral, ilo pasaj, ak ekstansyon twotwa. Yo fèt pou diminye vitès ak redwi aksidan grav.

Konsepsyon Lari


Avèk kisa zouti konsepsyon sekirite a sèvi?

Ralanti viraj (nenpòt ri)



Yon viraj lant se yon konbinezon makaj wout la, limit fleksib, ak bòdi oswa bòs an kawotchou. Yo ralanti chofè yo pou atenn vitès ansekirite.

Amelyorasyon Siyal (ri konektè sèlman)



Gen anpil fason yon siyal kapab amelyore pou benefisyè pyeton, siklis, ak otomobilis yo. Ajisteman siyal ka ralanti vitès, amelyore sekirite, ak mòd separe.

Siy Enfòmasyon Vitès (nenpòt ri)




Yon siy enfòmasyon vitès se yon siy vitès limit avèk yon siy dijital ki monte vitès yon chofè. Si chofè yo ap fè vitès, siy dijital la flache. Siy enfòmasyon vitès la ka ede redwi kantite chofè kap kondwi vit anpil.

Siy arè (ri katye sèlman)




Siy arè yo itilize pou règleman kantite moun nan yon entèseksyon. Yo pa itilize pou ralanti sikilasyon.

Ralantisè vitès (ri katye sèlman)



Yon seri bòs gradyèl sou ti ri nan katye yo kenbe chofè yo nan yon vitès estab, ansekirite.

Entèseksyon T-ing (nenpòt ri)



Refòm gwo entèseksyon oswa iregilye pou sanble plis avèk yon "T" amelyore vizibilite ak rakousi pasaj pyeton yo.

Konsepsyon Lari


Kijan bisiklèt ka vin pi ansekirite?

Anpil rezidan Boston vle monte bisiklèt men yo pa santi yo alèz nan sikilasyon an. Se poutèt sa vil la ap redesine ri katye yo ki kalme trafik ak liy bisiklèt yo ki pi byen separe chofè ak siklis yo.

Vil la ap bay andwa ki pi konfòtab pou bisiklèt sa kap rann ri yo pi ansekirite pou tout moun.

Grasa pwosesis *Go Boston 2030*, rezidan yo nan Vil la te anvizyone pi bon etablisman pou bisiklèt. Rezidan yo te mande pou liy bisiklèt ki pi ansekirite, pi konfòtab ki konekte w kote ou vle ale, tankou nan travay, lekòl, ak espas ouvè yo. Konsepsyon liy bisiklèt yo ka varye depannde chak kondisyon inik lari a, men Vil la ap fè efò pou bay kondisyon ki pi konfòtab pou chak pwojè. Yo montre konsepsyon sa yo anba.

Kisa yon liy bisiklèt separe ye? Espas ki dedye pou moun monte bisiklèt, separe de twotwa ak liy vwayaj yo anjeneral. Li ka sanble etranj, men liy bisiklèt separe yo rann lari yo pi ansekirite pou pyeton ak chofè yo tou. Se akòz tout moun gen pwòp espas yo, sa ki rann lari a pi previzib, ak pasaj pyeton yo pi kout, sa vle di moun kap travèse yo ekspozè mwens avèk trafik.



Konsepsyon Lari

Kijan Otobis la kapab pi Fyab?

Pifò pasaje transpò piblik Mattapan yo se pasaje otobis yo ye, men se pa tout wout otobis Mattapan yo ki fyab. Boston pral amelyore fyabilite lè li priyore vwayaj pa otobis pou redwi reta, akselere vwayaj yo, ak fè plas pou plisabri, ban, ak ekipman.

Pi bon sèvis otobis posib lè otobis yo gen pwòp liy pa yo ak priyore nan siyal yo.

Liy otobis yo fè otobis yo deplase soti nan pifò anbouteyaj e yo ka lokalize sou twotwa, tankou sou [Washington Street nan Roslindale](#), oswa nan sant lari a, tankou sou [Columbus Avenue nan Roxbury](#), yo montre l anba. Liy santral otobis yo pi byen amelyore fyabilite otobis yo lè yo deplase otobis yo nan estasyonman doub. Pafwa siyal trafik yo kapab pwograme pou bay otobis yo yon tan davans anvan limyè vè a pou lòt veyikil yo.

Èske ou konnen ke Vil la ap evalye liy otobis nan mitan nan kad vizyon alontèm pou Blue Hill Avenue? Liy otobis sa yo, akote [liy otobis Warren Street](#) ki te pwopoze, kapab koupe tan wwayaj otobis yo a mwaye ant Mattapan Square ak Nubian Square pandan èdtan anbouteyaj yo. Sa a vle di yon wwayaj otobis 25-minit olye de yon wwayaj 50 minit jodia.



Columbus Avenue dedye liy otobis yo, sou konstriksyon nan kòmansman 2021. Sous: Depatman Transpòtasyon Massachusetts (MassDOT)

Konsepsyon Lari

Kijan Lari yo kapab vin Plas?

Deplasman moun ak machandiz se itilizasyon prensipal pou ri yo, men ri yo se fondamantalman yon espas piblik. Boston ap kreye nouvo espas piblik sou ri yo grasa konsepsyon apwòch eksperimental.

Ri yo kapab kreye kominote ki pi rezistan ekonomikman e ki pi konekte sosyalman.

Pandemi COVID-19 te montre ke ri yo ta dwe gen yon wòl ki pi elaji ot ke transpòtasyon. Anpil restoran te ka pa siviv pandemi a san yon espas pou manje deyò, yon inisyativ pou sipòte biznis yo avèk espas pou chita bò twotwa lè li reklame plis espas pakin. Vil yo toupatou nan mond lan, enkli Boston, ap repanse ri yo epi chèche opòtinite pou ajoute plis espas piblik, pyebwa, ar piblik, ak estrateji pou adrese yon klima kap chanje.

Èske ou konnen ke 56% nan teren Vil la posede se lari ak pasaj pou pyeton? Boston ap eksperimente avèk ri li yo, kreye nouvo plaza, mini-pak, ak kafe avèk materyèl ki pa koute chè. Yo ka kreye espas piblik lè yo fèmen liy ki pa nesèsè yo, re-afekte pakin, oswa fikse entèseksyon iregilye yo. Ri yo nan Vil la kapab tou twal ar piblik, jan nou wè anba sou Blue Hill Avenue.



Kisa Revizyon Devlopman ye?

Avèk èd kominote a, pwosesis Revizyon Devlopman an bay yon gid klè pou revizyon sèten pwojè devlopman ak dirije resous yo kap ede enplemante objektif planifikasyon yo.

Èske BPDA revize tout pwojè devlopman yo?

Nenpòt devlopman ki pwopoze ki nan omwen 20,000 pye kare nan gwosè oswa 15 inite rezidansyèl dwe ale nan pwosesis revizyon devlopman BPDA "Atik 80". Pou aprann plis sou chak etap nan pwosesis la, vizite bit.ly/PlanMattapan oswa resous sa yo:


- » [Yon Gid Kout pou Zonaj Mattapan ak Pwosesis Revizyon Atik 80](#)
- » [Kisa Revizyon Devlopman ye?](#)

Kimoun ki revize enpak transpòtasyon?


Planifikatè yo nan Depatman Planifikasyon Enfrastrikti & Transpòtasyon [BPDA's Transportation & Infrastructure Planning Department] ap travay etwatman avèk depatman yo nan Vil la, ajans yo nan Eta, ak devlopè yo pou evalye an pwofondè yon enpak pwojè transpòtasyon. Patnè BPDA avèk LTD pou revize "gwo" pwojè yo.

Èske ou konnen ke gwo pwojè yo mande yon pwosesis revizyon ki pi detaye?


Yon pwojè dwe satisfè omwen youn nan definisyon yo anba pou l ka konsidere kòm "gwo." Pou gwo pwojè yo, LTD ak devlopè a kreye yon akò legal, ki rele [Plan Akò Aksè Transpòtasyon](#) [Transportation Access Plan Agreement (TAPA)], ki spesifye angajman yo ki pral redwi yon enpak transpòtasyon devlopman.



Yo konsidere nenpòt nouvo konstriksyon ki nan omwen 50,000 pye kare kòm laj.



Nenpòt chanjman nan itizasyon, pa egzanp nan biwo rezidansyèl, ki nan omwen 50,000 pye kare (oswa 100,000 Anba lavil) konsidere kòm laj.



Yo konsidere kòm gwo nenpòt reyabilitasyon nan yon bilding ki egziste deja ki nan omwen 100,000 pye kare.

Kijan yo Revize Transpòtasyon?


Objektif revizyon transpòtasyon an se pou priyorize sekirite, jere demann pakin, ak amelyore kondisyon yo pou mache, monte bisiklèt, pran transpò piblik. Boston aspire pou redwi mwaye tarif veyikil otonòm yo.

Kijan revizyon transpòtasyon an fonksyone?

Planifikasyon yo nan Vil la pwopoze plan pou diminye enpak devlopman sou sekirite, aksè, ak fyabilite nan sistèm transpòtasyon an. Devlopè yo kidonk afine pwojè yo ki pwopoze. Sa a kapab yon pwosesis va-e-vyen.


Tankou planifikasyon ak konsepsyon ri yo nan Vil la, Planifikasyon Vil yo konte sou [Go Boston 2030](#) ak [Gid Konsepsyon Ri Konplè Boston yo](#) pou revize:

- » Aksè bilding pou moun kap mache, monte bisiklèt, oswa kondwi,
- » Koneksyon nan ri toupre yo,
- » Twotwa elaji, koub ranp, ak pasaj pou pyeton,
- » Sekirite ak konfò wout bisiklèt,
- » Enpak entèseksyon ki toupre yo ak transpò, ak
- » Pakin Bisiklèt ak espas pakin pou veyikil, enkli aksè nan bisiklèt pataje, veyikil pataje, ak veyikil elektrik.



Kijan enpak transpòtasyon yo redwi?

Planifikasyon yo nan Vil la itilize estrateji jesyon pou demann transpòtasyon (TDM). Estrateji TDM, tankou pas transpò sibvansyon oswa gadri timoun sou plas, envite moun yo pou yo mache, monte bisiklèt, oswa pran transpò, olye ou kondwi. [Ou ka aprann plis sou estrateji sa yo ak lòt estrateji TDM lè ou klike isit la.](#)



Devlopman Estasyon Mattapan, Konsèy BPDA apwouve nan Fevriye 2018.


Ki kantite Pakin ki nesèsè?

Estasyonman deyò lari a kapab Pratik pou kèk moun, men disponiblite l relye avèk plis kondwi, depans lojman ki pi elve, ak plis emisyon gaz avèk efè tèmik. Plis pakin rann li pi difisil pou reyalize priyorite yo nan tout vil la.

Kantite espas yon devlopman ka bay defini pa zonaj oswa règleman Vil la.

- » Pou tout pwojè yo, kòd zonaj Mattapan fikse kantite espas pakin **minimòm** ki obligatwa pou chak kalite itilizasyon, tankou rezidansyèl oswa komèsyal.
- » Pou gwo pwojè yo, BPDA ak BTM rekòmande yon kantite espas pakin **maksimòm**, ki egzije mwens espas toupre estasyon tren yo. Sa aplike tou avèk pwojè lojman konpak yo.

Èske ou konnen ke rejyon Boston an depase konstriksyon rezidansyèl pa apeprè 30 pousan? Espas sa kapab itilize pito pou lojman ki pi abòdab, espas ouvè, oswa lòt itilizasyon yo. Nouvo estasyonman yo chè tou. Yon espas pakin inik anbatè nan Boston koute jiska \$52,800 pou bati ak antreteni. Pri yon garaj pou lokatè yo se apeprè \$1,700 pa ane, oswa yon adisyon 17 pousan nan yon inite lojman lwaye.




Sous: [Inisyativ Pakin Ki adapte Pafètman nan Metro Boston \[Metro Boston Perfect Fit Parking Initiative\]](#), Konsèy Planifikasyon Zòn Metropoliten [Metropolitan Area Planning Council (MAPC)].

Kijan Kominote a Patisipe?

Yo ankouraje mannm yo nan kominote a epi anmezi pou bay kòmantè nan yon varyete fowòm pandan pwosesis revizyon an.

Ou ka patisipe nan nenpòt twa etap prensipal revizyon devlopman an.

Planifikasyon Kominotè a se fondasyon pou tout konvèsasyon yo avèk devlopè yo, PLAN: Mattapan ap ede ekipe kominote a avèk zouti yo pou fòme pwopozisyon devlopman yo.



1 Anvan ou depoze

Devlopè yo ka kontakte gwoup kominotè yo, asosyasyon katye, ak pwopriyete adjasan yo anvan ou depoze pwòje pwopoze yo avèk BPDA. Sa a kapab youn nan plizyè reyinyon, depannde kompleksite pwòje a.

2 Revizyon Pwojè

Manm yo nan kominote a ka fè kòmantè sou plan ki pwopoze yo depi yo fin soumèt li nan BPDA. Pou gwo pwòje yo, manm yo nan kominote a ka rejwenn yon Gwoup Konsiltatif Enpak [Impact Advisory Group (IAG)], sa kap ede BPDA idantifye enpak yo ak detèmine alèjman. Ou ka kòmante tou pandan yon sesyon kadraj, yon reyinyon kote depatman yo nan Vil la ak piblik la bay yon devlopè kòmantè.

3 Apwobasyon

Manm yo nan kominote a ka bay kòmantè final yo pandan odyans piblik chak mwa nan kominote BPDA, sa ki apwouve oswa refize pwòje devlopman yo. Benefis kominotè yo te negosye pandan revizyon devlopman epi finalize avèk Konsèy BPDA pou apwobasyon. Tout odyans yo te anrejistre epi [afiche anliy](#).

Kijan Kominote a Benefisye?


BPDA travay avèk devlopè yo pou adrese enpak pwojè devlopman yo nan bay alèjman. Alèjman yo gen ladan amelyorasyon ki gen rapò avèk transpòtasyon oswa lòt benefis yo.

Kisa alèjman an ye?

Alèjman ka gen ladan amelyorasyon fizik ke devlopè a pral bay sou plas nan kominote a, oswa li kapab yon kontribisyon monetè pou òganizasyon lokal yo. Pou gwo pwojè yo, yon Gwoup Konsiltatif Enpak ede BPDA idantifye enpak ak detèmine alèjman ki apwopriye. Egzanp transpòtasyon komen yo ki gen rapò avèk alèjman gen ladan:

- » Zouti sekirite ki te idantifye nan paj anvan yo,
- » Twotwa ki pi laj ak nouvo plas pou,
- » Nouvo pasaj pou pyeton oswa pasaj amelyore ak ranp koub,
- » Nouvo oswa arè otobis relocalize akabri yo,
- » Nouvo sipò pou bisiklèt, bisiklèt pataje, oswa liy pataje
- » Nouvo pyebwa, enkli antretyen yo.
- » Sous; trafik oswa siyal trafike, oswa
- » Yon Plan oswa etid sou transpòtasyon.

Èske ou konnen ke benefis ki gen rapò avèk transpòtasyon yo se sèlman youn nan kalite benefis kominotè? Devlopè yo ka kontribye tou nan nouvo espas piblik ak sa ki amelyore, inite lojman a bon mache, espas kominotè andetay. Alèjman yo nan nouvo delvopman ka avanse pwojè ki rekòmande yo ki te idantifye nan efò planifikasyon kominotè, tankou PLAN: Mattapan.



Gide pa Imajine Boston 2030, PLAN: Mattapan se yon inisyativ planifikasyon Vil la kap chèche pou asire ke nou konsève sajan, amelyore ekitabilite, ak devlope enklizivman. Gen anpil fason pou patisipe avèk travay nou sou PLAN: Mattapan ak kwasans katye a. Vwa ou entegral pou fasone Mattapan ak kreye yon vizyon konpreyansif.

Kontak PLAN: Mattapan:
Kenya Beaman
kenya.p.beaman@boston.gov

Sit entènèt Pwojè
bit.ly/PlanMattapan



@BostonPlans



@BostonPlans



Vizite sit entènèt nou

Vizite Twitter!

Vizite Instagram!

bit.ly/PlanMattapan

Ou ka egalman adrese otorite eli lokal ou nan Konsèy Vil la. Konsèy Vil la sèvi kòm yon lyen ant moun Boston ak gouvènman minisipal. Konseye yo ap ede elektè yo nan konekte yo avèk resous, sèvis ak depatman yo nan Vil la. Yo sèvi kòm defansè pou tout rezidan Boston yo.



**boston planning &
development agency**